



Pou Piblikasyon Imedya: 12/17/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS KE 12.6 MILYON DOLA SIBVANSYON JISTIS ANVIWÒNMANTAL POU NOUVO SANT EDIKASYON YO AK SANT EDIKASYON AMELYORE YO

Prim pou 11 òganizasyon kominotè k ap sipòte nouvo sant edikasyon anviwònmantal oswa amelyore sant edikasyon anviwònman ki deja egziste nan jistis anviwònmantal ak kominote defavorize yo

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a plis pase 12.6 milyon dola sibvansyon pou 11 pwojè pou amelyore edikasyon anviwònmantal nan kominote ki pi afekte pa polisyon ak chanjman klimatik yo. Finansman an sipòte konstriksyon sant edikasyon nouvo ak amelyore nan jistis anviwònmantal ak kominote defavorize (disadvantaged communities, DAC) ki pral ede enspire plis Nouyòkè pou yo aprann sou defi kominote yo ap fè fas ak kijan yo ka fè yon diferans pozitif.

"Nou rete angaje pou bay resous ki nesese pou amelyore defi anviwònman, sante piblik ak ekonomik ki afekte kominote defavorize yo atravè Eta Nouyòk la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo finansman sa a pral sipòte dirèkteman efò lokal yo pou kreye oswa elaji sant edikasyon anviwònmantal ki angaje Nouyòkè yo nan pwogram lokal yo pou amelyore kalite lavi, amelyore kalite lè a epi ede bati yon avni ki pi pwòp e ki pi vèt."

Pwogram sibvansyon Sant Edikasyon Anviwònman Kominotè a administre atravè Biwo Jistis Anviwònmantal (Office of Environmental Justice, OEJ) Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk la. Jiska prezan, sa a se pi gwo kantite finansman OEJ DEC la te akòde pou nenpòt opòtinite sibvansyon jistis anviwònmantal, ki vin gen plis enpòtans apre rediksyon federal yo nan pwogram jistis anviwònmantal la.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk, Amanda Lefton, te deklare, "Edikasyon anviwònmantal la kòmanse nan nivo lokal la, epi DEC fyè pou l avanse sipò Gouvènè Kathy Hochul pou òganizasyon kominotè Nouyòk yo k ap travay pou amelyore konsyantizasyon sou mond natirèl nou an, menas li fè fas yo, ak kijan pou nou pran mezi ki ankouraje jistis anviwònmantal. Plis pase 12.6 milyon dola ki te akòde atravè pwogram sibvansyon Sant Edikasyon Anviwònmantal DEC la pral ede ankouraje eksplorasyon, dekouvèt, ak aprantisaj pratik ki pral anrichi lavi vizitè yo epi ankouraje pwochen jenerasyon konsèvasyonis yo. Nou kontan wè ki òf inik òganizasyon sa yo pral ofri Nouyòkè yo."

Pwojè sa yo te resevwa finansman Sibvansyon Edikasyon Anviwònmantal Kominotè DEC la:

- **Mott Haven Port Morris Community Land Trust: 2,500,000 dola:** sipòte konstriksyon Sant HEArts nan South Bronx, Konte Bronx. Sant lan pral transfòme yon pwopriyete delabre pou vil la epi ede elaji fòmasyon sou travay pwòp Green City Forces ak defans anviwònmantal South Bronx Unites, tout pandan l ap itilize pratik konstriksyon vèt pou alimante kominote a.
- **Outstanding Renewal Enterprises Inc.: 1,972,575 dola:** Lower East Side Ecology Center (LESEC) pral konstwi yon Sant Edikasyon Anviwònmantal sou 0.4 ekta nan East River Park, Konte Nouyòk. Sant lan pral gen ladan yon bilding sètifye Lidèchip nan Enèji ak Konsepsyon Anviwònmantal (Leadership in Energy and Environmental Design, LEED) pou pwogram ak administrasyon, ansanm ak espas vèt pou eksplorasyon anviwònmantal, dekouvèt, edikasyon ak jesyon.
- **Kites Nest, In.: 1,600,000 dola:** sipòte Pwojè Kapital ReGenerasyon lan pou transfòme yon pwopriyete 0.8 ekta bò litoral nan Konte Columbia an yon kanpis kominotè pou edikasyon liberasyon, lidèchip jèn, ak jistis anviwònman.
- **Evergreen Cemetery Preservation Foundation (Fondasyon Prezèvasyon Simityè Evergreen): 1,543,700 dola:** sipòte konstriksyon yon espas rasanbleman kominotè nan Konte Kings pou evènman komemoratif epi pou òganize pwogram edikatif ki konsantre sou syans, anviwònman, ak jistis anviwònmantal an kolaborasyon avèk kominote a, òganizasyon san bi likratif, ak òganizasyon akademik yo.
- **Southampton Township Wildfowl Association (Asosyasyon Zwazo Sovaj nan Komin Southampton): 1,200,000 dola:** sipòte agrandisman Quogue Wildlife Refuge Nature Center (Sant Lanati ak Refij pou Bèt Sovaj nan Quogue) nan Konte Suffolk pou enkli plis espas edikasyon, ekspozisyon aksesib, yon salklas apa, ak pi bon kloti pou bèt sovaj pou fè pwogrè nan edikasyon anviwònmantal, konsèvasyon, ak aksesibilite pou tout vizitè yo.
- **Chenango Greenway Conservancy: 1,103,275:** sipòte acha 65.5 ekta tè espas ouvè ak ansyen bilding fèm pou etablisman West Hill Nature Center (Sant Lanati West Hill) nan Konte Chenango. Yo ppral reyamenaje pwopriyete yo pou edikasyon sou konsèvasyon, aktivite lwazi deyò, ekipman pou vizitè yo, ak espas òganizasyon kominotè.
- **Radix Ecological Sustainability Center (Sant Dirablite Ekolojik Radix): 859,039 dola:** sipòte acha pwopriyete adjasan a Sant Radix nan Albany, Konte Albany, pou pèmèt ekspansyon pwogram sè ak jaden ki deja egziste yo, epi bay nouvo espas atelye ak laboratwa.

- **Energy Justice Law and Policy Center (Sant Lwa ak Politik sou Jistis Enèji): 694,595 dola:** finansman an pral sipòte konstriksyon Sant lan nan Five Islands Park nan Konte Westchester pou sipòte efò jesyon anviwònmantral ak rezistans klima nan DAC New Rochelle yo. Sant lan pral ofri edikasyon pratik, eksplorasyon maren, fòmasyon mendèv, epi li pral sèvi kòm premye etablisman jistis klimatik kotyè iben Sound Shore la.
- **Schoharie River Center (Sant Rivyè Schoharie): 475,000 dola:** sipòte transfòmasyon yon bilding nan yon pak ki te vid pou tounen yon etablisman nèt-zewo k ap ofri aprantisaj pratik nan domèn STEM, ak yon vizyon ki baze sou jistis anviwònmantral pou jèn nan lokalite a. Sant lan pral inik nan Konte Schenectady.
- **Media Alliance, Inc.: 470,000 dola:** sipòte transfòmasyon The Sustainable Land Arts Studio nan konte Schenectady soti nan yon remiz ki te kraze nan jaden jistis alimantè, atizay ak pèmakilti òganizasyon an pou l vin tounen yon resous pou enspire jesyon anviwònmantral atravè atizay pratik, agrikilti ak edikasyon dirab.
- **Limeledge Botanical Garden and Arboretum (Jaden Botanik ak Arboretòm Limeledge): 272,982 dola:** sipòte ekspansyon sistèm santye Limeledge la ak restorasyon de granj istorik, pou transfòme yo an Sant Edikasyon Anviwònmantral Kominotè Brookside nan Limeledge nan Konte Onondaga.

Se Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a ki bay finansman pwogram sibvansyon Edikasyon Anviwònmantral Kominotè DEC la kòm yon pati nan angajman kontinyèl Eta Nouyòk anvè jistis anviwònmantral. Bidjè Eta yo te adopte pou 2025-26 la ogmante EPF la a yon montan rekò 425 milyon dola, sa ki ede sipòte travay dirèkteman nan kominote ki defavorize yo, ansanm ak lòt pwogram anviwònmantral enpòtan tankou akizasyon tè, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eradikasyon espès envazif, amelyorasyon aksè a lwazi ak amelyorasyon kalite dlo.

Pwojè a te konplete tou inisyativ "[Dekonekte sou Entènèt, Soti](#)" Gouvènè Hochul la pou ankouraje sante fizik ak mantal lè li ede timoun ak fanmi Nouyòk yo depoze telefòn yo ak òdinatè yo, pran yon ti poz nan rezo sosyal yo, epi jwi moman lwazi ak rasanbleman sosyal anplennè.

Plis enfòmasyon sou Biwo Jistis Anviwònmantral (OEJ) DEC la ak opòtinite finansman disponib sou [sitwèb DEC la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)